



Yon ti koze

Inisyativ Fanmi Vensansyen nan an Ayiti (IFVH)

Ki sa nou rele Fanmi Vensansyen: Se yon fanmi ki reyini plizyè gwoup (oswa « branch ») nan lespri ak egzanp Sen Vensan de Pòl, pou sèvis ak promosyon sa ki pi pòv yo. Gen plis pase 200 branch mond lan, men , an Ayiti gen sèlman 6 branch ki aktif. Aprè yon bon tan travay nan fè charite, Fanmi a te deside kòmanse fè travay « chanjman sistematik ». Nan objektif sa, li te wè necesite kreye Fondasyon IFVH ki pèmèt li realize diferan pwojè sa yo an Ayiti.

Kisa Inisyativ Fanmi Vensansyen nan fè an Ayiti : Nan lane 2009, Fanmi an t ap chèche yon fason pou selebre anivèsè 350 an lanmò Sen Vensan de Pòl ak Sent Lwiz de Mariyak. Se konsa yo te vin chwazi Ayiti e deside lanse pwojè ki rele www.zafen.org. Zafèn, se yon sit sou entènèt ki ranmase lajan pou soutni ti biznis oswa pwojè sosyal. Inisyativ la a pa t rete la a. Aprè 2 lane, nou agrandi pwogram la a pou mete anplas twa lòt strateji ki pèmèt nou travay ak pòv yo : 1) Devlopman Moun ; 2) Biznis Sosyal ; 3) Sipò pou Biznis ki te deja egziste nan Fanmi an. Anplis, IFVH la konn jwenn bous nan inivèsite lòt bò dlo pou Ayisyen k ap travay an Ayiti.

Devlopman Moun: Pwojè sa yo chèche devlope lespri ak kapasite moun gras a ledikasyon, lavi sosyal ak refleksyon. Konsa, non sèlman nou eseye bay moun yo mwayen pou yo ka manje, men nou reponn ak sityasyon inyorans, etan noue de moun yo reflechi epi chanje fason yo panse.. Developman Moun eseye devlope kapasite moun yo nan plizyè fason : aprann li ak ekri, ijyèn, fè bidjè pou tèt yo ak fanmi yo, eksetera.. Objektif la a se amelyore konesans ak teknik pou moun yo sa viv pi byen.. IFVH gen 2 pwogram prinsipal nan sans sa : 1) Chemen Lavi Miyò (CLM) ; 2) Pwogram Edikasyon.

- **Chimen Lavi Miyò (CLM) :** CLM se yon pwogram ki chache moun ki nan anpil mizè pou travay avè yo nan yon pwogram 18 mwa, kote yo aprann bagay byen senp ki kapab ede yo tankou kounman pou li ak ekri, leve timoun, ijyèn, sante, eksetera. Aprè 18 mwa, mou sa yo gradye pou selebre sòti yo nan lavi mizè ak kapasite yo pou yo Mennen batay lavi a.
- **Pwogram Edikasyon :** Pwogram Edikasyon gen 2 aspè: 1) Elèv lekòl yo jwenn kantin; 2) Lekòl yan antre nan fè jefò pou etabli pwòp plan stratejik pa yo ki pèmèt yo amelyore kalite ledikasyon timoun yo resevwa.

Biznis Sosyal : IFVH konprann jan li enpòtan pou gen bon jan biznis an Ayiti. Pou tèt sa, IFVH ap ouvri yon biznis sosyal pou reponn ak bezwen travay nan yon zòn ki rele Savan Pèdi, nan Plato Santral. Anndan biznis sa a, IFVH kreye bon jan dyòb pou moun epi eseye atire investisman nan zòn nan.

Sipò pou Biznis ki deja egziste : Fanmi Vensansyen nan gen 6 branch an Ayiti ; kèk ladan yo gen biznis deja. Nou sipòte biznis sa a yo etan nou ba yo mwayen ekonomik oubyen asistans teknik pou yo kapab grandi.

Patnè nou nan batay la:



**TRANSLATORS
WITHOUT BORDERS**

